

1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 6: 501-600

LI

Li ansanm se sèl fason ki pi enpòtan ou kapab ede prepare timoun ou li. Depi nan nesans, pataje lekti ak vokabilè ki avanse epi konesans jeneral pandan tan sa sa ap ede timoun yo devlope yon enterè nan fè lekti. Timoun ki pran plezi lè yo li pou yo yo souvan konn vle aprann li yo menm.




Èg Chòv

Liv ki Sipòte Lekti:

- Liv ki swiv enterè timoun ou an.
- Liv ki fè plezi, ilustrasyon ki plen koulè
- Imaj-ki-gen-non
- Istwa-reyèl

Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 600 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Fè lekti yon pati nan jounen ou. Lè pou dòmi se yon bon lè pou pataje liv ak koneksyon ak pitit ou, men fè lekti deyò bay yon eksperyans milti-sansoryèl epi montre timoun li ka pran plezi nenpòt ki lè, nenpòt kote.

Yon fwa ankò? Si pitit ou gen istwa prefere, eseye li l ankò. Lekti ki repete ranfòse kapasite memwa yo, kapasite sekans yo epi ogmante vokabilè. Chak lekti ka mennen lòt dekouvèt.

Li liv ki pa imajinè. Èske timoun ou an renmen dinozò, lespas oubyen lanati? Bibliyotèk la gen plizyè opsyon pou menm lektè ki pi jenn nan, Eseye fè “Li-gade-imag” epi pale de imaj ki sou paj la epi sa k ap pase. Sa konstwi kapasite anvan-ou-li ak vokabilè.

Eseye liv ki anrejistre. Librerie ofri plizyè liv pou timoun ak opsyon pou pou-li-byen-fò oubyen pou-li-ak-liv-la. Sa bay plezi epi li eksitan pou eseye yon nouvo liv.

Atistay Lèt. Itilize ti baton bwa ki gen plizyè koulè ak boul tep velkwo yo (Velcro) tache yo nan pwent yo pou fè lèt yo. Gade konbyen lèt oubyen fòm ou kapab fè. Kenbe yon ti baton bwa nan yon sachè ak zip yo pou kapab kreye yon je byen rapit.

Konsèy pou lè ou okipe: Relye bagay w ap fè yo pandan w ap pase jounen an ansanm ak bagay ki rive nan liv prefere timoun ou an. “Nou prale nan yon zou menm jan Maisy fè nan liv la ou renmen an. Kisa Maisy te fè nan zou a? Èske nou sipoze fè sa tou?”

5 liv prefere m yo:

